

## ЕУЕТÆ ГЪÆУБÆСТИ НОМХÆССÆНТÆ ФÆУУНЦÆ, ИННЕТÆ БА – КОМБÆСТИ!..

*МАМСУРАТИ Дæбе (1909-1966), финсæг: «Цард цæрунæн æй, æма дин Хуцауæй ци дууæ бони лæвæрд ес, уони дзæбæхæй бацæрæ. Цæйбæрцæбæл цубурдæр кæна цард, уойбæрцæбæл хъазардæр æй, æма ’й хъæбæрдæр гъæуай кæнун гъæуй...» Æма нæ адæм тухгиндæр уомæй æнцæ, нæ царди хъазардзийнадæ багъæуай кæнунгъон ке разиннунцæ, уомæй.*



Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№6 (975) 2025 анзи 22 февраль – комахсæни мæйæ

Аргъ 1 туман

### НÆ ДЗИЛЛÆМÆ АЛКÆДДÆР ЦИТГИЙНАГ АДТÆНЦÆ, ÆНЦÆ ÆМА УОДЗÆНÆНЦÆ НÆ ФИДИБÆСТÆ ГЪÆУАЙГÆНГУТÆ!..

# НÆ РАЙГУРÆН БÆСТИ НАМУС ÆМА НИФС



Дзæуæгигъæуи Плити Исси номбæл 26-аг скъолай ахурдзаутæ, Фидибæсти сæрбалтау тохи æ цард ка иснивонд кодта, уони имисæн мадзæли рæстæг.

*Æнæгъæнæ Уæрæсей дæр исон, 23 феврали бæрæггонд цæудзæнæй Фидибæстæ гъæуайгæнæги Бон. Аци бæрæгбон æцæгæй еугурадæмон æй, исцитгин æй кæнунцæ куд коллективти, уотæ хецæн бийнонти ’хсæн дæр. Е лæдæрд æй, уомæн æма уæхæн бийнонтæ, æвæдзи, нæ разиндзæнæй, æма си кадæр нæ бахъиамæт кодта Райгурæн бæсти æдасдзийнади сæрбæлтау. Уой фæдбæл æрмæгутæ мухур кæнæн нæ газети абони номери.*

*Аци анз бæрæгбон бæрæг кæнæн уæззау уавæрти – не ’хсаргин фæсевæд удуæлдайæй хъазауат кæнунцæ, сæрмагонд æфсæддон операций архайгæй. Гъулæггагæн, кедæрти си багъудæй се ’фсæддон ихæстæ æнхæст кæнгæй сæ цард иснивонд кæнун... Зæрдхъурмæй сæ имисæн... Абони ма си ка архайуй, нæ еци æфсæддонтæн ба нæ Исфæлдесæгæй корæн, цæмæй алкедæр рæхги сæрæгасæй æма æнæнезæй исæмбæла æ фидиуæзæгбæл.*

*... Бæрæгбон уæддæр бæрæгбон æй, æма уой фæдбæл зæрдиагæй арфæ кæнæн нæ Фидибæстæ гъæуай кæнуни гъуддæгути раздæр ка бахъазауат кодта, уæдта абони еци гъуддаги ка архайуй, уонæн еугуремæн дæр!..*

## НОМЕРÆН



### КАДÆ-РАДÆЙ АРАЗТА Æ ЦАРДИ УСТУР НИВÆ...

Нæ номдзуд æфсæддон архайæг, Устур Фидибæстон тугъди хъазауатон, инæларлейтенант Худæлти Алексейи фурт Харитон æ имисуйнæгти финста: «Кæддæр, мæ цардвæндаги райдайæни мæнмæ, дигорон лæхъуæнмæ, уотæ кастæй, цума æригони бонтæ æгæрон æнцæ, некæд райевгъуйдзæнæнцæ. Фал рæстæгутæ рацудæй æма фæстæмæ ракæсгæй ми баруагæс æй – хъæбæр идард кæмидæрти райзадæнцæ... Фал уæддæр иронх нæ ’нцæ, еудадзуг зæрдæбæл лæуунцæ...»

Æма куд адтайуонцæ иронх, кæд æма уонæй райдæдта æ намусгин цардвæндаг!.. Абони ба ин æ рохс ном уомæ гæсгæ имисæн, æма 9 январи æ райгурдбæл исæнхæст æй æхсæзинсæй анзи (1905-2000). Уой фæдбæл æрмæг кæсетæ 3-6-аг фæрстæбæл.

## БÆРÆГБОН



### МАДДÆЛОН ÆВЗАГ ЗÆРДÆДАРÆН ÆЙ!..

Маддæлон æвзаги Æхсæндуйнеуон бон нисангонд æрцудæй 1999 анзи ЮНЕСКО-ий Генералон Ассамблейи унаффæй æма бæрæггонд цæуй 2000 анзæй фæстæмæ. Æ нисанеуæг бæргæ зæрдæмæдзæугæ æй – дуйнебæл маддæлон æвзæгтæй цидæриддæр ес, уони багъæуай кæнун æма сæ идарддæри ирæзтбæл æновудæй архайун. Фал, куд уинæн, уотемæй уой фæдбæл уоййасæбæл ахедгæ мадзæлттæ арæзт нæ цæуй. Уæдта цæудзæнæй, е дæр хъæбæр секкаг æй. Цидæриддæр æй, уæддæр аци бæрæгбон мах бæрæг кæнæн æма сæрмагондæй бацæттæгонд æрмæг кæсетæ 8-аг фарсбæл.

***Аци анз нæ республики гъæууон хæдзаради къабази райрæзтæн федералон æма республикон бюджеттæ радех кæндзæнæнцæ миллиард сомей бæрцæ. Уони хæццæ гранттæ æма субсидитити хузи агъаз райдзæнæнцæ бийнонти фермитæ дæр, нуртæккæ сæ нимæдзæ æй 63. Программæ «Агростартап»-и агъазæй фæгъгъæздугдæр æнцæ сæ техникон гæнæнтæ.***

ЦÆГАТ ИРИСТОНИ АБОНИ ЦАРДАРÆЗТИ УАВÆР ÆМА ИДАРДДÆРИ РАЙРÆЗТИ НИСАНТÆ






# БÆЛВУРД ФАРСТАТÆН – БÆЛВУРД ДЗУÆППИТÆ

Цæгат Иристони Сæргълæууæг **Сергей Меняйло** Пятигорски информацион агентадæ «ТАСС Кавказ»-и фембалдæй дзиллон хабархæссæг фæрæзнити минæвæртти хæццæ. Æма сæ бæлвурдæй базонгæ кодта нæ республики абони цардарæзти ахсгиагдæр цаутæ æма хабæртти хæццæ, уæдта радзурдта, идарддæр дæр социалон-экономикон æма культурон къабæзти куст ци фарстати фæдбæл цæуй æма цæудзæнæй, уой туххæй дæр.

Æ радзубанди ци берæ аллихузон гъуддæгути фæдбæл адтæй, уонæй еу – фæлладуадзæн хуæнхон лыжитæй бурæн курорт «Мамисон». Æма куд фегъосун кодта, уотемæй е байгон уодзæнæй нисангонд æмгъудмæ гæсгæ. Нерæнгæ бал си æвзарунцæ бальнеологон рахуæцæнтæ, е фадуат ратдзæнæй курортæн анзи дæргъи косунæн.

Гъæуууонхæдзарадон продукций рауагъдадæ республики фæффулдæр æй. Кæд æма 2021 анзи еумæйаг базарадæн исæхгæдтонцæ æ 15 проценти, уæд 2024 анзи ба – 20 проценти. Кустуат «Казачий хутор»-и фæзуат фæппарахатдæр æй, æма, зæгъæн, фарæ æрæмбурд кодта кæрдтути дзæбæх тиллæг. «Гъаруат Алани»-й исаразунæн харзгонд æрцудæй 18,5 миллиард соми, етæ ’нцæ хецæн адæймæгути инвеститтæ. Аци кустуат исаразгути зæрди ес аллихузи пъамидортæ 25 мин тонни райсун.

Еума æхцæуæн гъуддаг – Цæгат Иристони скъолатæ цалцæггонд куд æрцудæнцæ, уомæй республикæ æй нæ бæсти хуæздæр дæс регионей æхсæн. Уомæй уæлдай, январи федаргонд æрцудæй 26 рæвдауæндони, цалцæг сæ кæндзæнæнцæ кезугæй. Аци анз республикæ бавналдзæнæй поликлиникитæ цалцæг кæнунмæ, агъазиау инвестицион проект – терминал «Wildberries» аразунмæ. Уой фæдбæл харзгонд æрцæудзæнæй 12 миллиард соми. Фæззиндзæнæй нæмæ нæуæг 8,5 мин косæн бунати.

Сагъæссаг фарстатæй еу æй стадион «Спартак»-и уавæр. Æма республики разамонæг куд фегъосун кодта, уотемæй нерæнгæ бал цæттæ ’й 98 процентей уæнгæ, кæронмæ рахъæртун æй нæ удзуй бонигъæди рахастдзийнадæ. Инвестор си байвардта 400 миллион соми, футболон клуб «Алани» æнæ ’хцайæй нæ байзайдзæнæй.

Аци анз нæ адæмæн уæлдай ахсгиаг æй уомæй, æма бæрæг кæндзинан нæ Цитгин Уæлахези 80 анзей бæрæгбон. Республикæ разæнгардæй цæттæ кæнуй уой кадгинæй исбæрæг кæнунмæ. 9 маймæ гъæугæ хузи зилд æрцæуудзæнæй еугур мемориалтæ, номерæнтæ, циртдзæвæнтæмæ. Комкоммæ уагæй рацæуудзæнæй дзиллон мадзал «Æнæмæлгæ полк», уой хæццæ ба ма акци «Сæ цæсгæнттæмæ син бакæсæ»-йæн лæвæрд æрцæуудзæнæнцæ региони еугур рекламон фæйнæгутæ. Уоми исæвæрдзæнæнцæ Устур Фидибæстон тугъди архайгути къартæ.

Æ пресс-конференций рæстæг ма Сергей Меняйло лæмбунæг дзуæппитæ равардта берæ аллихузон фарстатæн, æма уони туххæй ба дзубанди кæндзинан нæ газети хецæн æрмæгути.

***Аци æрмæг цæттæгонд æй Цæгат Иристони Сæргълæууæг æма Хецауади пресс-служби игъосункæнуйнагмæ гæсгæ***

АРФИАГ ГЪУДДАГ ÆНХÆСТДЗИЙНАДÆЙ ИСФЕДАУЙ!

# ТУМУГЪ БИЙНОНТИ АМОНД – ДЗИЛЛИ ФАРНÆ

Нæ рагфидтæлтæй нин байзадæй мæнæ ауæхæн загъд: «Бийнонтæ дарунæн æма хæссунæн берæ цидæртæ гъæуй!..» Æма еци гъуддаги æнтæстгинæй ка исарæхсуй, еци бийнонтæ фæрнæйдзаг дæр фæуунцæ, уæдта гъæубæсти ’хсæн дæр сæ фæннимайунцæ. Бийнонти цæрунгъондзийнадæ цæйбæрцæбæл ахсгиаг æй, айдагъ уонæн сæхецæн нæ, фал æхсæнадæн æнæгъæнæйдæр, уой хуарз æма балæдæрдтæнцæ нæ нури хецауеуæггæнгутæ дæр. Æма цидæртæ арæзт цæуй бийнонтæбæл хуæрзауодунæн. Зæгъæн, нæ республики Сæргълæууæг **Сергей Меняйлой** хъæппæресæй, еумæйагæй бæлвурд рæстæгутæ ка фæццардæй, еци бийнонтæ хуарзæнхæгонд цæудзæнæнцæ æхцай фæрæзнитæй. Аци æгъдау куд гъæуама æнхæстгонд цæуа, уобæл дзубанди цудæй, нæ республики Хецауади сæрдар **Дзанайти Бариси** разамундæй ци кезуй æмбурд адтæй, уоми.

Нæ республики фæллойнæ æма социалон ирæзти министри ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг **Мамати Анджелæ** уотæ фегъосун кодта:

– Еумæйаг бийнонтæй 25, 50, 60 æма 70 анзи ци нæлгоймаг æма силгоймаг фæццардæнцæ, уонæн аци анз ратдзæнæнцæ сæ еумæйаг царди æнзти æмбæрцæ æхцай фæрæзнитæ. Аци гъуддаг æнхæстгонд цæудзæнæй еугур районти дæр.



Аци хъæппæрес хуарз кæд æй, уæддæр, махмæ гæсгæ бустæги æнхæст ба нæй. Нæ зонæн, еци бæрци æнзтæ цæмæ гæсгæ æвзурст æрцудæнцæ, уой, фал, зæгъæн, æндæр юбилейтæ ци хæларæй цæрæг бийнонтæбæл æнхæст кæнуй, еумæйагæй ка фæццардæй, уони ба исцитгин кæнун цæмæннæ æнгъезуй? Æхсæнадон ахедундзийнадæ кæмæн ес, еци гъуддаги æгиринддæр ма уа къæмæ, æнæгъæнæйдæр дзиллæн æхцæуæн уа. Уæдта, баруагæс уи уæд, барæвдауни аккаг бийнонтæ куд цитгингонд æрцæуонцæ, уотæ разæнгарддæр уодзæнæнцæ æхсæнадон царди арфиагдæрæй архайунмæ. Нæ зæрдæ дарæн, æма нин нæ загъд игъосæг фæуудзæнæй...

Мамати Анджелæ ма фегъосун кодта еума социалон мадзали туххæй дæр – Федералон проект «Хестæр фæлтæр» æма республикон проект «Бийнонтæ»-йи бундорбæл 356 адæймаги, уони хæццæ – фæккæсунгæнæуагæбæл ке банимадтонцæ, уæхæн сæйгитæ, æнæкустгъон, сæрмагонд æфсæддон операций архайгутæ дæргъвæтийнæ агъаз есдзæнæнцæ. Æйивддзийнæдтæ бахæсдзæнæнцæ, 2022 анзи февралæй сæрмагонд æфсæддон операций ка архайдта æма ка фæммард æй, уони бийнонтæн еухаттон агъази туххæй Хецауади унаффæмæ.

Æмбурди ма дзубанди цудæй, нæ республики социалон-экономики ирæзтæн ахсгиаг ка ’й, уæхæн фарстати фæдбæл дæр. Æма уони фæдбæл ба хецæнæй бундорон æрмæгутæ мухур кæндзинан нæ газети идарддæри номерти.

ЦИТГИНГÆНÆН МАДЗÆЛТТÆ




## СÆ ЦÆСГÆНТТИ РОХСДЗИЙНАДÆ НÆ ЗÆРДИТИ КУД УОНЦÆ!..

Нæ республики 24 февралi курдиæттæ есун райдайдзæнæнцæ, «Сæ цæсгæнттæмæ син бакæсетæ», зæгъгæ, аллианзон мадзали архайунæн. Аци мадзал æй номерæн, æма æ нисанеуæг æй, цæмæй нæ Цитгин Уæлахези бæрæгбон бæрæг кæнуни рæстæг нæ республики еугур рауæнти дæр рекламæгæнæн æма æндæр игъосунгæнæн фæрæзнитæбæл æвæрд æрцæуонцæ Устур Фидибæстон тугъди хъазауатонти къартæ.

Цæгат Иристони аци гъуддаг иссæй еугурадæмон фæткæвæрди хузæн. Нур фæндзæймаг хатт арæзт цæудзæнæй. Бæгъатæрти туххæй бæрæггæнæнтæ бадæттæн уодзæнæй аци анз 17 мартъий уæнгæ. Раздæр, 2021-2024 æнзти дæргъи ветерантæй ке къартæ æвæрд æрцудæнцæ рекламæгæнæн фæйнæгутæбæл, уони туххæй нæуæгæй бæрæггæнæнтæ дæттун нæбал гъæуй, етæ уотемæй дæр нæуæгæй æвæрд æрцæуудзæнæнцæ еци фæйнæгутæбæл.

Курдиæттæ бадæттун æнгъезуй берæфункционалон центртæмæ.

Фæстереки районi: Доватори номбæл проспект, 8 хæдзарæ. Тел: +7(800) 444-62-15;

Цæгат-Нигулæн районi: Цоколайфурти номбæл гъæунгæ, 5-аг хæдзарæ. Тел. +7(800) 444-62-15;

Промышленнон районi: Мичурини номбæл гъæунгæ, 67-аг хæдзарæ, тел. +7(800) 444-62-15.

Уæ зæрдæбæл уин лæуун кæнæн: курдиæттæ æнхæстгонд цæунцæ лæвар.

Къартæ рекламæгæнæн фæйнæгутæбæл æвæрд уодзæнæнцæ Уæлахези бæрæгбон бæрæггæнæн бæнтти, гъома, 1 майæй ба 10 майи уæнгæ.

## «УÆЛАХЕЗИ ГÆДИБÆЛАСÆ»

Цæгат Иристон архайдзæнæй «Уæлахези гæдибæласæ» («Тополь Победы»), зæгъгæ, еугуруæрæсеуон мадзали. Е арæзт цæуй Устур Фидибæстон тугъди фæуунбæл 80 анзи ке ’нхæст кæнуй, уой фæдбæл.

Арæзт ба цæуй национ проект «Экологон дзæбæхдзийнадæ»-йи фæлгæти æма си архайдзæнæнцæ, куд Уæрæсей Федераций еугур рауæнти, уотæ Цæгат-Кавкази æма Хонсар федералон округти регионтæ, уæдта Донецки, Луганск Адæмон республикитæ, Запорожьей æма Херсони облæсттæ.

Нæ республики æрдзæ гъæуайкæнуйнади министрадæ фæндæ бахаста «Уæлахези гæдибæласæ», зæгъгæ, акций рæстæг мах республики дæр талатæ ниссадзун. Еци талатæ ласт æрцæудзæнæнцæ Волгоградi облæстæй. Талатæ уодзæнæнцæ, Сталинградi тугъдæн æвдесæн ка ’дтæй, уæхæн 100-анздзуд гæдибæласæй.

Уомæй уæлдай ма арæзт æрцæудзæнæнцæ аллихузон патриотон мадзæлттæ, уæдта базелдзæнæнцæ, нуриуæнгæ Уæлахези гæдибæлæстæ сагъд кæми æрцудæнцæ, еци рауæнтæмæ.

**Не ’мзæнхон номдзуд ахургонд, искурдиадæгин зоолог Беми Лев Бариси фурти райгурдбæл 26 февралi æнхæст кæнуй дæс æма æхсæзинсæй анзи (1895-1954). Æ наукон архайд фулдæр адтæй Цæгат Кавкази мæргъти хабæрттæ исбæлвурд кæнун.**



ХУДÆЛТИ Харитон (рахесæрдигæй дуккаг) æ тугъдон æмбæлтти хæццæ.

# КАДÆ-РАДÆЙ АРАЗТА Æ ЦАРДИ УСТУР НИВÆ...



**ХУДÆЛТИ Темирсолтан** (1921-2001)
историон наукити кандидат

***Инæлар-лейтенант Худæлти Харитон, æфсади рæнгъитæй рацæугæй, фæсевæди 'хсæн кодта устур гъомбæладон куст. Не 'вгъау кодта æ фæлтæрддзийнадæ, æ зонундзийнадтæ кæстæртæн. Ахур сæ кодта Фидибæстæ уарзунбæл æма ибæл æнговуд унбæл.***

Фиццагидæр бал зæгъдзинан уой, æма 1905 анзи 9 январи Дигоргоми бæрæгдæр гъæутæй еу, Мæхчески цæрæг Худæлти Алексейи биинонтæбæл æрцудæй æхцæуæн цау – райгурдæй син биццеу. Исхудтонцæ 'й Харитон. Куд гъудæй, уотæ еци райдзаст хабари фæдбæл искодтонцæ кувд дæр. Гъæуи дзурддзæугæ хестæртæ ин искувтонцæ, цæмæй си рауайа Иристонæн номгæнæг адæймаг. Æма сæ кувд æрцудæй. Биццеу ирæзтæй, хуæнхаг гъæуи куд уидæ уæди рæстæгути, уотæ е 'мгæртти хæццæ евгъудæнцæ æ царди хабæрттæ. Уæдмæ, 1914 анзи Харитон ахур кæнунмæ бацудæй аргъауæни-приходи скъоламæ. Сувæллæнтти ахур кæнун кæд хъæбæр фæндадтæй, уæддæр скъолай æгъдæуттæй ба сæ кæцидæртæй гъигæ кодтонцæ, уæлдайдæр ба саугин Лаврентийи гурумухъдзийнадæй æма æ æдули миутæй. Раст зæгъгæй, хъæбæр зæрдтагон син адтæй скъолай сæргълæуæг Гарданти Михал, зундгонд рохситауæг. Разæнгард-гæнæг æма æцæг гъомбæлгæнæг син адтæй.

Скъолай фæсте Харитон е 'мбæлтти хæццæ ахур кæнун райдæдта, Фæснæли хузгин æз-гъæрти фабрики бæсти хæйттæй еуеми ци райдайæн училище байгон æй, уоми.

Ами дæр, хуæнхаг сабийти амондæн разиндтæй, рæстуодæй син сæ хуарзбæл ка архайдта, уæхæн гъомбæлгæнгутæ. Уонæй еу адтæй Чекойти Ефим, парти «Кермен»-и Центрон Комитети иуонг. Е син айдагъ зонундзийнæд-тæ нæ лæвардта, фал ма сæ ахур кодта, сæ цардиуагæ аразуни сæ æнæмæнгæ ци гъуддæгутæ багъ-æудзæнæнцæ, уонæбæл дæр.

Царди æцæг скъола рацæуни ба тæккæ зæрдиагдæр зундамо-нæг Харитонæн фæцæй æ фиди æнсувæри фурт Худæлти Илас.

Харитон æ имисуйнæгти уотæ финсуй:

– Кæддæр ахур кодта Æрæ-дони семинари, кæцимæй рацу-дæй революцион зундирахаст кæмæ адтæй, дзæвгарæ уæхæн нæхердигон ахургæнгутæ. Сугъ-зæрийнæ тæфсæг Уæрæсей ку фæззиндтæй, уæд Илас дæр иннæ хуæздæр амондагоргути хæццæ Америки бамедæг æй, уомæн æма æ райгурæн бæсти, Иристо-ни, æ фагæ бавзурста Туйгъанти гъæздугути 'рдигæй æфхуæрд. Еци уæззау, тухст уавæртæ 'й æрбакодтонцæ паддзахи нихмæ тохгæнгути рæнгъитæмæ.

Илас адтæй Дигоргоми парти «Кермен»-и хайади иуонг. Тауитти Дрис, Тауасити Сослæнбег, Ар-сæгти Горга æма иннетæ еумæй-агæй тох кодтонцæ уæди хецауд-зийнади нихмæ, фæллойнæгæнæг дзилли цардамонди сæрбæлтау.

Илас мæнмæ ахид фæдздзо-ридæ, февæридæ мæмæ цидæр гæгъæдитæ тумбул тухтæй æма зæгъидæ:

– Баримæхсæ 'й, Харитон, арф æма 'й бахъæртун кæнæ Тауитти Дрисмæ. Балæдæрдтæ мæ?

– Балæдæрдтæн, Илас.

Æз зудтон Тауитти Дрисæй, еци гæгъæдитæ ке хъæртдзæ-нæнцæ иннæ гъæумæ, уордигæй – æртиккагмæ – гъе уотемæй еугур коми гъæутæбæл ке исæмбæлд-зæнæнцæ. Æвæдзи, уомæ гæсгæ бæлвурд нисангонд рæстæги ба Иласи хæдзари æрæмбурд уиу-онцæ е 'мтохгæнæг революцион æмбæлттæ.

Илас мæбæл нæ римахста сæ фембæлдтитæ. Еуæй-еу хатт цæбæл дзориуонцæ керменисттæ, уой дæр фегъосинæ.

Гъе уотемæй æхсистæй æри-гон Харитони зундирахаст, царди берæ хабæрттæн се 'цæгдзийна-дæ хуæздæр лæдæрун байдæдта, федардæрæй ин бæлвурд кодтон-цæ æ царди идарддæри нисантæ.

Уæдмæ Октябри революций фæрци Уæрæсей æрцудæнцæ цæхгæрмæ æййивддзийнæдтæ. Куд паддзахади еугур рауæнти, уотæ Цæгат Иристони дæр æрфе-дар æй Советон хецаудзийнадæ, фæллойнæгæнæг дзиллæ сæ фæндон аразун байдæдтонцæ сæ царди хабæрттæ.

Сæ исонибон райдзастæй аразунæн берæ фадуæттæ фæз-зиндтæй фæсевæдæн дæр. Æма си етæ дæр разæнгардæй пайда кодтонцæ, уотæ Харитон дæр – 1924 анзи Харитони райстонцæ фæскомцæдеси рæнгъитæмæ, фæстæдæр ба 'й равзурстон-цæ Дур-Дури гъæуи фæском-цæдеси секретарæй. 1926 анзи каст фæцæй Дур-Дури авданзон скъолай авд къласи. 1927 анзи фæскомцæдеси фæдздзурдмæ гæсгæ æрвист æрцудæй 84-аг кавалерион полкмæ. Е уæд адтæй Владикавкази. Уордигæй æй рар-вистонцæ Краснодари кавалерион скъоламæ.

1930 анзи Харитон нисангонд æрцудæй сахар Тифлиси 66-аг кавалерион полкмæ. Адтæй æхсаргин взводи командир. Уæд райдæдтонцæ æ командæгæнæгти менеугутæ бæрæг кæнун. Е лæм-бунæг ахур кодта хуæнхаг нæдтæ, уæлдайдæр ба Арви коми над.

Сæ полк 1933 анзи æрвист æрцудæй Ленинградмæ æма байеу æй Ленинградди æфсæддон округи хæццæ. Ами Харитон раз-амунд лæвардта эскадронæн, адтæй полкки скъолай хецау дæр. Аракчееви къазармæтæмæ ахид æрбацæуидæ Ленинградди æфсæддон округи командæгæнæг Борис Шапошников. Уомæн æма еци къазармати адтæнцæ 66-аг кавалерион полкки тугъдонтæ.

Фæстæдæр 1938 анзи 66-аг полк æрвист æрцудæй Псковмæ. Уоми е хæстæгдæр адтæй паддза-хадон арæнмæ. 66-аг кавалерион полк байеу æй 25-аг кавалерион дивизий хæццæ. Уоми Худæлти Харитон адтæй 14-аг кавалерион полкки командири хуæдæййевæг æма полкки скъолай хецау.

Уотæ рауадæй, æма 1940 анзи Харитони райййивтонцæ 52-аг фестæгæфсæддон дивизий 62-аг хецæн разæсгарæг бата-льони командирæй. Дивизи уæд адтæй Мурмански облæсти сахар Манчегорски. Ардигæй райдæдта Харитонæн æ тохи над дæр.

Устур Фидибæстон тугъди тæккæ райдайæни, 1941 анзи 29 июни немуцаг-фашистон æрдонг-тæ сæ размæмпурст исаразтонцæ Мурмански 'рдæмæ, гъавтонцæ сахар Мурмански Цæгат флоти æма науæрлæуæн байсун. Сæ еци фæндæ цæмæй ма исæнхæст адтайдæ, уой туххæй советон æфсæддон разамунд исаразта мадзæлттæ 3 июли мотофестæ-гæфсæддон ротæ разæсгарæг батальони хæццæ, уæдта 112-аг фестæгæфсæддон полкки фиццаг батальони хæццæ исаразтонцæ размæмпурст. Уонæн адтæй агъ-азиау нисанеуæг. Æнхæстгонд ба æрцудæй майор Худæли-фурти разамундæй. Разæсгаргутæ уа-цари райстонцæ дууæ егери. Етæ куд радзурдтонцæ, уотемæй Мурманскмæ нимпурсунмæ гъа-вунцæ хуæнхон егерти дивизи, командæгæнæг инæлар Дитлай разамундæй. Уацайрæгтæ ма загътонцæ, зæгъгæ, хуæрдæ æма син ниуæзтæ раварддтонцæ æртæ боней фагæ. Уомæн æма æртиккаг бон, куд сæ бауæндун кодтонцæ, уотемæй етæ гъæуама уонцæ Мурмански. Худæли-фурт еци хабæртти хæццæ базонгæ кодта 52-аг дивизий æма 14-аг Æфсади командæгæнгути.

Немуцаг фашисттæ 6 июли æрæмбурд кодтонцæ агъазиау тухтæ, цæмæй Мурманск бай-сонцæ, уой тухххæй. Еу хай си æрбайервазтæй 52-аг фестæ-гæфсæддон дивизий гъæуайкæ-нуйнадон федæрттæмæ. Уавæр фæввазуггиндæр æй. Егертæ æхстонцæ, 52-аг дивизий коман-дæгæнæг инæлар Н.Н.Никишин кæми адтæй, еци бунат.

Штаби æма политикон хайади косгутæ исараздтонцæ, нæ дивизий федæрттæмæ ка æрбайервазтæй, уонæбæл æртухст. Инæларæн ма бастдзийнадæ адтæй разæсгарæг батальони хæццæ. Е фæдздзурд-та майор Худæли-фуртмæ æма ин бардзурд равардта, цæмæй егертæй ракæдзос кæна штаби æма командæгæнæг пункти ал-фамбулайтæ.

Харитони тугъдонтæ рæхи-си хузæн ислæудтæнцæ æма командир æхуæдæг астæуæй, уотемæй атаки рампурстонцæ. Еци æнæнгъæлæги æрбампур-стæй фæккуддæр æнцæ хуæнхон егертæ æма сæ тохæнгæрзтæ ракалгæй фæлледдзæги 'нцæ. Уо-темæй, знæгти фæстегæй соргæй, нæ тугъдонтæ искунæг кодтонцæ дæсгай фашистти æма æфцæг сæребарæгонд æрцудæй, тас нæбал адтæй штабæн æма коман-дæгæнæн пунктæн.

Майор Худæли-фурт 1941 анзи 13 июли нисангонд æрцудæй фестæгæфсæддон полкки коман-дирæй. Еци рæстæгмæ полкки батальонтæ карз тогкалæн тох кодтонцæ знæгти хæццæ. Еу ба-тальон ба фашистти хæццæ тохи бацудæй 314,9 метри ка 'дтæй, уæхæн бæрзæндæбæл. Уой бай-сунбæл сæ бицъинæг скъудтонцæ фашисттæ. Сæ къохи ку бафту-дайдæ, уæд син комкоммæ над адтæй Мурманскмæ. Уомæ гæсгæ примораг поселок Ура-Губайи цудæнцæ æверхъау тохтæ знаги хæццæ. Знæгтæн сæ зæрди ад-тæй уобæлти Мурманскмæ бацæ-ун. Сæумæй æ тугъдонти хæццæ бунæттæ лæмбунæг басгаруни фæсте, майор Худæлти Харитон æ полкки хæццæ бампурста фашист-тæмæ æма сæ ниддæрæн кодта.

Дæс бонемæ Мурманскмæ бацæунмæ тохти нæ тугъдонтæ искунæг кодтонцæ æртæ мин фашисттæй фулдæр. 1941 анзи 25 декабри 52-аг фестæгæфсæддон дивизий сæрмагонд бардзурдмæ гæсгæ хуннун райдæдта 10-аг гвардион дивизи. 1942 анзи 10 июли Худæлти Харитони иснисан кодтонцæ 10-аг дивизий команди-рæй. Тундри зин уавæрти дивизи знаги хæццæ карз тохи бацудæй 150 хатти. Уоми нæ тугъдонтæ искунæг кодтонцæ знаги 3500 æфсæддони æма афицери.

Инæлар-майор Худæли-фурт 1944 анзи æрвист æрцудæй Ге-нералон штаби академимæ æ зонундзийнæдтæ фæффулдæр кæнуни тухххæй къурситæмæ. Ами дуккаг хатт фембалдæй Советон Цæдеси Маршæл Шапошникови хæццæ.

Угæ ин уоми ахургæнгæ берæ нæ рауадæй, нæуæгæй багъудæй фронти æма 1944 анзи мартъий фæстæмæ 'рцудæй æ ди-визимæ. Мурмански фронтæн уæд командæ кодта æфсади инæлар К.А. Мерецков.

Инæлар Худæлти Харитон 1944 анзи 5 сентябри æ тугъдон-ти хæццæ гъæуама батудтайдæ знæгти гъæуайкæнуйнадон фе-дæрттæ цадæ Чарпи, уæдта хонх Малый Кариквайвиши, уой фæсте гъæуама размæмпурст исараздтай-дæ Луостарийи 'рдæмæ. Дивизий еци æнтæстæй берæ аразгæ адтæй æфсади размæмпурсти еумæйаг уæлахез. Размæмпурсти агъоммæ дивизимæ æрцудæй æфсади инæлар К. Мерецков. Æма 1944 анзи 8 октябри дивизи исараста размæмпурст. Еци бон кунæггонд æрцудæй 700 гитлеро-ни, уацари нæ тугъдонтæ райстон-цæ 120 фашистти. 9 октябри диви-зи бахæстæг æй 10-12 километри æма изæри 12 октябри инæлар Худæли-фурти тугъдонтæ байахæстон-цæ Луостари.

6

. Дуææ æма цуппаринсæй анзей размæ 1943 анзи 23 феврали агъазиау лæгдзийнадæ бавдиста гвардий рæнгъон Александр Матросов – æ гурæй нихгæдта знаги дзоти амбразурæ. Æ фæсмæрдæ ин лæвæрд æрцудæй Советон Цæдеси Бæгъатæри ном.

***ХЪОЗАТИ Урузмæг, афгайнаг тугъди ветеран: «Афганистани тугъдон цаути ка архайдта, етæ еумæ ку æрæмбурд уæн, уæд зæрдхъурмæй æримисæн, не 'мбæлттæй уордигæй æ фидиуæзгбæл ка нæбал исæмбалдæй, æ цард ка иснивонд кодта е 'фсæддон ихæс æнхæст кæнгæй,***



# АФГАЙНАГ БОНУГ

***Советон доги уæхæн фæткæ адтæй, æма нæ дохтиртæ устур къуæрттæй æрвист цудæнцæ, медицинон къабæзтæ æдзæллаггомау кæми адтæй æма си фæййагъаз кæнун кæми гъудæй, уæхæн паддзахæдтæмæ. Æма иристойнаг зундгонд дохтир БОРУХЪУАТИ Елæмурзайæн дæр косгæ рауадæй фæсарæнти.***

***Адтæй Афганистани дæр, уоми советон æфсæддон хæйттæ сæ интернационалон ихæс ку æнхæст кодтонцæ, уæд. Æма еци рæстæг ци бонуг фæффинста, уомæй скъуддзæгтæ мухургонд æрцудæнцæ журнал «Мах дуги» 1988 анзи 10-аг номери. Мах дæр си уордигæй еу хай ниммухур кодтан нæ газети айрæзмæ номери, абони ба мухур кæнæн еума хай.***

**17 декабрь.** Æрбаластонцæ уæззау сæйгæ силгоймаги, æ къох топпæй цæф. Цæфбæл цæуй дæс бони. Галеу къохи æнгулдзæ æнæгъæнæй дæр ниссау æй, цонги фæттасæни тогдадзинттæ æма хæцъæфтæ 'нцæ пурхæ æма хæфи бунæй нæ зиннунцæ. Афгайнаг дохтиртæ къох лух кæнуни фæндæ искодтонцæ, фал син æй нæ бауагътон. Еу-дууæ бони гъæдгинмæ базелун гъæуй, уæдта ин операци искæндзæнæн.

**10 декабрь.** Силгоймаги къохмæ зелунцæ лæгъуз, ваннитæ ин нæ кæнунцæ. Е ба уой туххæй, æма æз къох ралух кæнуни хæццæ арази ке нæ дæн, уой туххæй. Фал æз мæ фæндæ нæ раййивтон.

**1982 анзи 8 январь.** Косгæ бон нæй, фал еугур адæмæн дæр æй барвæндæ фæллойни бон. Адæм зилдæнцæ гъæунгтæмæ, кæдзос сæ кодтонцæ. Мах æмбесбонмæ адтан нæхе кусти.

Мæхæмæт-Пахампари игурæн бонмæ ци бардзурд рацудæй, уомæ гæсгæ исуæгъдæ кодтонцæ политикон ахæстити æма знаггадæнгути еу хай.

**17 январь.** Нæ госпитæли косгутæй еу – æ ном Азисаз – æзинæ дзубандигæнгæй уотæ зæгъуй:

– Мæ ниййергутæ цæрунцæ Кабулæй инсæй километри изолдæр гъæуи. Æртæ анзей дæргъи сæ мæ бон бабæрæг кæнун нæй, мæ цардæн тæссаг ке 'й душмантæй, уомæ гæсгæ.

Цалдæр боней размæ æфсæддон госпитæли хестæр медицинон хуæри æма æ бийнонти фудгæнгутæ рамардтонцæ. Уой размæ имæ æртхъерæнтæ кодтонцæ, ма косæ, зæгъгæ, е ба æ куст нæ ниууагъта.

**28 январь.** Æрбаластонцæ нæмæ силгоймаги мард. Сæумæй аст сахаттебæл автобусмæ æнгъæлмæ кастæй е 'нсувæри уосæмæ. Еу бæрзонд нæлгоймаг сæмæ бацудæй æма сæ рæстæгæй бафарста. Силгоймаг æ сахатмæ куд æркастæй, уотæ ин е дамбаца æ сæрбæл ниццафта. Куд раббæрæг æй, уотемæй силгоймаг адтæй телецентри диктор. Æ лæгæй рахецæн æй, лæг знаггадæгæнгути хæццæ Пакистанмæ фæллигъдæй æма гурусхæ кæнунцæ, силгоймаги, дан, уой ардудæй рамардтонцæ, зæгъгæ.

**10 февраль.** Евгъуд дæс бони рæстæг адтæй сабур. Душмантæ мингæйттæй сабур цардмæ 'здæхунцæ.

**5 мартъий.** Бийнонти къуар нæмæ цæфтæй æрбаластонцæ. Æзинæ нæмæ еу æригон кизгæ рамардæй. Аци дууæ цауи кæрæдзей хæццæ баст æнцæ. Цæветтонгæ, кизгæ скъола каст ку фæцæй, уæд æй еу студент курдта, кæрæдзей хуарз лæдæрдтæнцæ. Фæл кизги ниййергутæмæ адтæй æндæр фæндæ – лæвардтонцæ 'й бонгинæн, кизгæй берæ хестæр ка 'дтæй, уæхæнæн. Студент сæмæ финстæг ниффинста, уотæ ма бакæнтæ, зæгъгæ, кенæдта... Нецæмæ ин æрдардтонцæ æ финстæг дæр æма е 'ртхъерæнтæ дæр. Кизгæ ку балæдæрдтæй, сæ ярзондзийнадæй неци рауадзæнæй уой, уæд марг баниуазта. Лæхъуæн сæмæ мардмæ бацудæй, фал æй хæстæг нæ бауагътонцæ. Уæд сæбæл е дæр гранат фехста, уæдта сæбæл дамбацайæй ралæудтæй. Фæммард си æй фонды бийнойнаги, иннетæ цæфтæй нур госпитæлмæ æрбахаудтæнцæ.

**9 мартъий.** Æртæ къуæрей размæ нин нæ хирургийи хецауи æндæр госпитæли президентæй исæвардтонцæ. Е мах хирургтæй еуей æхемæ ракодта. Æстдæс дохтирей бунатеми кустонцæ астемæй, нур си фонды байзадæй.

**26 август.** Абони нæмæ æрбаластонцæ дамбацайæй уæззау цæфи. Æй дини еугонди бæрнон косæг. Фудгæнгутæ æ фæдбæл зилдæнцæ æма 'й базари фæццæф кодтонцæ. Госпитæли президент æ гъос фæддардта, уотемæй ин операцигонд æрцудæй, тог дæр ин рафинста (е ахид нæ фæууй).

Аци хабари фæдбæл операцигæнæни хецау дзурдта (уруссагау зонуй):

– Æртæ анзи ме 'нсувæри нæма фæууидтон, уотемæй Кабулæй дæс æма æртинсæй километри изолдæр нæ цæруй. Кæрæдземæ нин цæуæн нæййес. Æз æй ку бабæрæг кæнон, уæд мæ рамардзæнæнцæ. Ме 'нсувæр мæнмæ 'рбацудæй, зæгъгæ, æма фæстæмæ раздахтæй, уæд уой дæр рамардзæнæнцæ. Æртæ мæйей размæ мæмæ цалдæр лæгемæй фæззиндтæнцæ æма ми курдтонцæ, цæмæй цæрунмæ нæхемæ рандæ уон. Уой фæсте мæмæ дуккаг бон æрбацудæй, махмæ ихуæрстæй ка куста, еу уæхæн биццеу æма мæ фæрсуй: «Æзинæ дæ хæццæ уæхæн æма уæхæн адæм (номæй-номмæ сæ ранимадта) дзубанди кодтонцæ?» Гъуддаг куд адтæй, уотемæй ин æй радзурдта. Е мин бафæдзахста, цæмæй сæ коммæ ма бакæсон, марунмæ, дан, дæ сайунцæ, ами ке косис æма дæ фурттæ службæ ке кæнунцæ, уой туххæй.

***ФЕППАЙУЙНАГ.** Афганистани революций размæ адтæй 1600 дохтири, уонæй абони 432 дохтиремæй уæлдай нæбал ес. Иннетæ фæллигъдæнцæ æндæр бæститæмæ.*

**26 сентябрь.** Рæстæг хæссуй сабур. Хъурани бæрæгбон райдæдта. Афгайнæгтæ косæрттæ кæнунцæ. Сæ сувæллæнттæ нæуæг дарæси, еугурæйдæр игъæлдзæг æнцæ.

**8 ноябрь.** Хунд Теблойтæмæ (бæрæгбони æма нæуæг фатери фæдбæл). Адтан астемæй. Иуазæгуати сæмæ 'рбацудæй афгайнаг Абдус. Теблойти Миши хæццæ базонгæ ан, æ уосæ æма æ мадæ сæйгæдонæмæ ку 'рбахаудтæнцæ, уæд. Уруссагау хуарз зонуй, ахур кодта Ленинградi. Косуй Госпланi. Арфитæ нин кодта Октябри бæрæгбони фæдбæл.

**30 декабрь.** Операцигæнæни афгайнаг косгутæ махæн исараztонцæ Нæуæг анзи заз бæласæ. Хестæр фельдшер нин равардта еумæйаг арфи гæгъæди. Дохтир Сент ба – алкæмæн дæр финстæг Нæуæг анзи арфити хæццæ.

1983 анзи 26 февраль. Фиццаг бон косунмæ рандæ дæн медицинон институтмæ. Базонгæ дæн косгути хæццæ.

**27 февраль.** Ректори унаффæгæнæг В. Козлови хæццæ æма афгайнаг декани хæццæ фиццаг бон рандæ дæн Вазир-Акбар-хани номбæл госпитæлмæ. Ами уодзæнæй мæ косæн бунат. Травматологий кафедри хецау профессор Арсалла дууæ къуæрей размæ фæллигъдæй Нигулæн Германимæ. Æ бæсти госпитæли хирургийи кафедри сæргълæууæг исæй профессор Латиф.

**15 мартъи.** Фиццаг дууæ къуæрей бакустон нæуæг бунати. Госпитæл нимад адтæй хуарзбæл. Тугъдон госпитæли фæсте æхæссуй дуккаг бунат. Ес ци æртæ кафедри: госпиталон хирурги – 50 хуссæни, госпиталон терапи – 50 бунати æма травматологи –120 хуссæни.

Фиццаг бæнтти мæмæ профессор Латиф кастæй лæгъуз цæстæй, уой фæнзгæй косгутæ дæр. Нур сæ цæстингас бæлвурд фæффæлмæндæр æй. Госпитæли æз дæн еунæг советон дохтир. Фæсарæнтæй ма си ес венгриаг, гонконгаг æма швейцайраг дохтиртæ. Æрæстæфтæн берæ гъæндзийнадтæ сæйгити дзæбæх кæнгæй æма студентти ахури гъуддаги.

Цалдæр боней размæ мæмæ æрбарвистонцæ æригон дохтир Хади Карими, ахур фæцæй Харькови. Зонуй уруссаг æвзаг, æма мæ тæлмацгæнæг нæбал гъудæй.

Фæстаг къуæрей æрцудæй, Афганистани нуриуæнгæ ка нæма адтæй, уæхæн цау: знаггадæгæнгути 260 къуарей раздзæугутæ 'рбацудæнцæ æма сæхе хецауадæмæ равардтонцæ. Раздæр син адтæй æмбурдтæ, радзурдтонцæ сæ домæнтæ. Сæ номдзуддæртæ загътонцæ, цæмæй сæ Цæдесмæ рарветонцæ æма сæхе цæститæй фæууинонцæ, пусулмон адæм махмæ куд цæрунцæ, уой. Адтæй син фембæлд Бабраки хæццæ. Сæ курдиæдтæ син æнхæст кæнунцæ. Аци душманти туххæй Пакистани радио дзурдта мæстугæй.

– Кæми ци æнæхæдзарæ, дзæгъæлхæтæг ес, етæ уæхæнттæ 'нцæ.

**23 мартъи.** Аци бон Кабули адтæй устур демонстраци, Рейган афгайнаг революций фудголти разамонгути хæццæ ке фембалдæй, уой нихмæ.

**26 мартъи.** Бæстæ æй сабур. Куст берæ ес. Тагъд рæстæги ахури семестр райдайдзæнæй æма имæ мæхе цæттæ кæнун – аразун программитæ.

Мæгур, фæхххуæцæг кæбæл наййес, еци сæйгитæ консультацити фæсте госпитæлмæ нæ хаунцæ. Куд базудтон, уотемæй консультаций фæсте цалинмæ гæртан ратта, уæдмæ 'й æ гæгъæдити хæццæ берæ рацо-бацо кæнун багъæуй.

**29 мартъи.** Сæумæй телеграммæ райстон, мæ фидæ Елдзарихъо фæззиан æй, зæгъгæ. Нигæндзæнæнцæ 'й исон, æз ба иннæбонæй раздæр неци хузи нихъхъæртдзæнæн. Уомæ гæсгæ мæ цуд раргъавтон иннæ хуæдтæхæгмæ (3 апърели).

**13 апрель.** Нæхецæй æрбаздахтæн Кабулмæ.

**14 апрель.** Адтæн кусти. Афгайнæгти номæй мин профессор Латиф ратæфирфæс кодта.

**18 апрель.** Апрели революций фондз анзей бон æрхъæрттæй. Нæ госпитæли байгон æй хæлардзийнади уат. Митинги радзубанди кодтонцæ Æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади министри хуæдæййевæг Касим (мединститути раздæри ректор), партий райкоми косæг æма мах дохтир Гостюк П.

Митинги фæсте адтæй бабадт – цумдтан цай. Мæн исбадун кодтонцæ Касими фарсмæ. Уруссагау минкъий цидæртæ зонуй. Дзурдтан, куст берæ ке ес, дохтиртæ ба ке нæ фагæ кæнуй, уой туххæй.



*уони рохс нæмттæ... Нæ цæргæ-цæрæнбæнтти ни нæ феронх уодзæнæнцæ, кæд не ’хсæн нæбал æнцæ, уæддæр нин нифсдæттæг æнцæ, ихæсгин нæ кæнунцæ нæ цард рæстуодæй бацæрунмæ, арфиаг гъуддæгутæй æй федауцæ кæнунбæл...»*



Зæрдæ байвардта, зæгъгæ, æндæр госпитæлтæй дохтиртæ æрбарветдзæнæн.

**21 апрель.** Хирургийи æма травматологий кафедрæн фæууй еумæйаг æмбурдтæ. Хирургийи кафедри сæргълæууæг Латиф травматологий неци уойбæрцæ зонуй, уотемæй ба æгириддæр барæ некæмæн фæддæттуй. Абони ци еуæндæс сæйги нивварднтонцæ æма дзубади кæбæл цудæй, уонæй еуемæй уæлдай хирургимæ нæ хаудтæй, дæс ба – травматологимæ. Травматологий сæйгитæн ци кæнгæ ’й, уой фæдбæл неци бафæдзахста Латиф.

Æ хæдзари дæр имæ ес косæн бунат. Госпитæли фæсте ба уоми фæккосуй. Кæд æма дохтири мæйи мизд дууæ мин афганемæй уæлдай нæй, уæд Латиф ба райсуй дууæсæдæ мини. Министради æма мединститути хецауадæ гъуди кæнунцæ, æ равналæнтæ ин кутемæйти æрцубуртæ кæнонцæ, уобæл. Уой фæдбæл адтæй бардзурд: Латифæн бæрæггонд æрцæуæд консультацитæ тагъд агъази госпитæли æма реуи хирургийи клиники.

Травматологий кафедри сæргъи æрлæудтæй Сароби, ахургонддзийнадæ райста Японий. Косуй æстдæс анзи. Фал етæ нимади нæ цæунцæ. Латиф ба аци куст кæд нæ зонуй, уæддæр æй бæрзонд нимади, хонунцæ ’й супервайзер. Уæлдæр медицинон ахургонддзийнадæ райста Нигулæн Германий, æ бийнойнаг дæр æй немуцаг. Никки ма æ фурттæй дæр еу ахур фæцæй уоми, бийнойнаг дæр ракурдта немуцаг æма косуй Нигулæн Германий, цæруй æ мадирвадтæлтæмæ. Уомæ гæсгæ зин балæдæрæн нæй, Латиф махмæ циуавæр цæстæй кæсуй, е.

**22 апрель**. Мединститути ректори унаффæгæнæг Козловæй мин бараæгонд адтæй, цæмæй «Афганистани травматологон центри» туххæй æрмæг бацæттæ кæнон. Исаразтон æй, фал ма мæ гъудæй сæрмагонд косæнгæрзти туххæй фарста исбæрæг кæнун. Уой фæдбæл агъазмæ фæдздзурдтон дохтир Хади Кариммæ. Æма си базудтон уæхæн хабар: æз лæварæн дууæсæдæ зæгæли гъæуама раттон Соробимæ, дохтиртæ ба сæ сæйгитæн уæйæ кæнонцæ. Е нæ, фал ма госпитæли харзæй сæйгитæн лæвар гъæуама ци хуастæ дæттонцæ, етæ дæр син цæунцæ уæйæгонд. Сауæнгæ ма стæги саст ивазæн хумæтæг бæттæни аргъ дæр агорунцæ сæйгæн æхецæй.

**27 апрель.** Революций бон. Æхсæвæ фудгæнгутæ исрæмугътонцæ, сахармæ электрон рохс кæбæлти цæуй, авд уæхæн цæгиндзи.

**30 апрель.** Æртиккаг бон электрон рохс нæййес. Хуæруйнæгтæ уазалгæнæни исæфунцæ. Хуæрæн консервтæ. Цай фицæн къуæцæлтæй артгондбæл балкъонти.

**2 май.** Фæстаг дууæ бони рæстæг сабур æй. Электрон рохс фæззиндтæй.

**4 май.** Æрбарвистонцæ нæмæ дууæ нæуæг хирурги, нур инсæйей уæнгæ исхъæрдтан. Травматологтæ раздæри хузæн æхсæземæй байзадæнцæ. Уотемæй хирургийи хайади ес дæс æма инсæй хуссæни инсæй дохтирей хæццæ, травматологий хайади ба – 120 хуссæни æхсæз дохтирей хæццæ. Анæй дæр æртæ институти косгутæ ’нцæ.

Хади Карим куд зæгъуй, уотемæй травматологæй косун неке комуй, уомæн æма хирургæй косгæй фулдæр пайда хауй. Æрмæст алли къуæрей цуппæрæни фæскуст сонæт искæнуни туххæй ке есунцæ, е дæр сæ мæйи миздæй фулдæр æй.

Еугурæйдæр зонунцæ, профессор Латиф революцион нæуæг арæзтадæмæ циуавæр цæстæй кæсуй, уой. Æ уосæ ба косуй Нигулæн Германий минæвайради. Хъæбæр нихмæцæуæг адæм æнцæ.

Хади Карим Цæдеси ке ахур кодта, уой туххæй си Латиф бустæгидæр æ нихтæ ниссагъта æма ’й искæсун нæ уадзуй. Е дæр сауæнгæ æ куст ниууадзунмæ гъавуй:

– Мæ мизд нуртæккæ æй 1200 афгани. Троллейбус ку скъæрон, уæдта есдзæнæн 3000-3500 афгани.

Хъæбæр зæрдиагæй ин фудздзурдтон, уотæ ма бакæнæ, зæгъгæ. Партион ке ’й, уомæ гæсгæ гъæуама сæттун ма кома. Берæ æвдесæйнæгтæ ин æрхастон Октябри революций æма медбæстон тугъдæй.

Æмбурди фæсте базудтон, травматолог Додраси рæстæгмæ Пакистани арæнмæ хæстæг районмæ ке ’рбарветунцæ, уой. Министрадæй æрбадзурдтонцæ, еу хирурги æма терапевти тагъд рарвететæ, зæгъгæ. Профессор Латиф æма госпитæли президент Бори лæгъуз цæстæй кæсунцæ Додрасмæ, активист ке ’й æма æрæги демонстраций ке цудæй, уой туххæй. Уæдта æригон дохтир мæгур æй, фæххуæцæг ибæл нæййес. Травматологий æхсæз дохтиремæй уæлдай нæййес æма ма уонæй дæр еуей рарветун æргом знаггадæ æй.

Еу-æртæ къуæрей размæ байгон æй хæлардзийнади уат нæ госпитæли. Еци уат библиотеки хæццæ фæрсæй-фарсмæ æнцæ. Латиф æма Рахмат байевдалдæнцæ æма киунугутæй дохтирти сæ кусти ахсгиагдæр кæцитæ гъæунцæ, уони равзурстонцæ æма сæ сæхе кабинетти исæвардтонцæ. Гъома, багъæуаги рæстæг дохтиртæ библиотекæмæ ма цæуонцæ, фал уонæмæ.

**13 май.** Хади Карим дзоруй:

– Еу бон президент æмбурди уотæ радзурдта æма, дан, кезухæссæг дохтиртæ хуæруйнаггæнæни кустмæ нæ кæсунцæ, нæ бæрæг кæнунцæ хуæруйнаги гъæдæ, æма уой фудæй хуæруйнæгти хуæздæртæ нæ хъæртун кæнунцæ сæйгитæмæ. Мæ кезу ку адтæй, уæд æз президенти фæдзæхст исæнхæст кодтон. Хестæр хуæруйнаггæнæги гæгъæдитæмæ гæсгæ гъæуама хуæруйнаг искодтайдæ 62 килограмми фидæй. Æз фид барæнбæл исæвардтон æма 41 килограммæй уæлдай æн разиндтæй. Æндæр нæ райстонцæ, зæгъгæ, ниллæудтæй хестæр хуæруйнаггæнæг æма имæ уæд æз дæр бадеголæ кодтон. Ци фидигъзæл нæ фагæ кодта, уой иссирдтон дууæ рауæнеми римæхстæй – æ дзæбæхдæр хæйттæ. Хуæруйнаггæнæгæн æнæ басæттæн нæбал адтæй æма загъта, фидигъзæлæй хецауадæн кæмæн цæйбæрцæ фæддæттуй уой. Æхецæн ма си изадæй килæй минкъий фулдæр. Æма загъта: «Уой дæ хæццæ æмбес ракæнæн». Æз нæ исарази дæн. Æма мæ уæд фæрсуй: Ду ка дæ? Кæцæй æрхаудтæ? Дæу хузæн мæнæн мæ куст нуриуæнгæ некема исбæрæг кодта». Базудта, ахур Цæдеси ке фæдтæн æма партий рæнгъити ке дæн, уой. Еци бонæй фæстæмæ мæнæн (госпитæли косгутæ сехуар кусти кæнунцæ) мæ тæбæгъи фид нæбал ниввæрунцæ, – ходгæй балхий кодта æ дзубанди Карим.

**25 май.** Джамхуриати номбæл госпитæли хестæр медицинон хуæрæ æзинæ сæхецæй, Каргайи районæй, кустмæ ку ранæхстæр æй, уæд ин фæстердигæй æ сæрбæл дамбаца ниццавтонцæ душмантæ. Фæммард æй. Куста æхсæнади, адтæй партион къуари секретари хуæдæййевæг.

Æфсæддон гиспитæлмæ уæззау цæфтæй бахаудтæй еу душман. Ку фæдздзæбæх æй æма æ уодæн тæссаг ку нæбал адтæй, уæд æй фарстонцæ: æхе къохæй ци аст адæймаги рамардта, уонæн тæрегъæд нæ кæнуй, зæгъгæ. Æхецæй арази æй, фæсмон нæ кæнуй. Загъта:

– Нуртæккæ ку рамæлон, уæддæр мæ бунат Хуцауи рази æй, Гъозийи. «Гъози» хонуй, Хуцаумæ еугуремæй хæстæгдæр ка ’й, уой. Етæ ’нцæ, уæлæбæл сæ ихæс ка исæнхæст кæнуй уæхæнттæ, сæ ихæсбæл ба нимайунцæ, Хуцауи еудзийнадæ кæмæй не ’руагæс кæнуй æма пусулмон динбæл хуæст ка нæй, уони марун.

Бафарстонцæ ’й:

– Æма дин дæхе ку рамардтайуонцæ, кенæ дæ мах ку рамарæн, уомæй нæ тæрсис?

Аци фарстайæн дзуапп равардта:

– Уæддæр уодзæнæн Хуцауи рази, æрмæст Шахиати бунати.

«Шахиати» бунат æй «Гъозий» бунатæй дæлдæр, цауддæр.

**26 май.** Аци фæстаг рæстæги æзини хузæн тæссаг некæдбал адтæй. Сæумæй райгъал ан гæрæхтæй. Дзæвгарæ рæстæг игъустæнцæ хæстæр рауæнæй, æфсæддон училищей разæй.

Кабули гъæунгти знаггадæхæсгутæ милици дарæси уорæдтонцæ æхсæнадон ковгути æма цума сæ гæгъæдитæ ести гъæуагæ ’нцæ, уой рæуонæй сæ ластонцæ еу рауæнмæ æма сæ уоми мардтонцæ. Мæрдтæ гæлстонцæ арф цъаййи.

**27 май.** Айразмæ еци æхсæвæ душмантæ фехалдтонцæ донуадзæнтæ æма еу скъола. Доуадзæнтæ специалистти агъазæй цалдæр сахаттемæ рæвдзæгонд æрцудæнцæ. Адæм дон гъæуагæ нæбал адтæнцæ.

**13 июнь.** Æзинæ фæсарæфтæ госпитæли секретарь-машинисткæ кустмæ нæбал рацудæй. Изæрæй ин æ мард æ фатери дуарæхгæдæй иссирдтонцæ. Тухмиуæ ин бакæнуни фæсте æй рамардтонцæ. Ка – е бæрæг дæр нæма æй.

Хади Карим дзоруй æ царди хабæрттæ. Арази нæй, цуппар анзи æ ниййергути ке нæма фæууидта, уомæй.

– Мах райони душмантæ ци зæгъонцæ, уомæй уæлдай æндæр закъон нæййес. Æз уоми ку фæззиннон, уæд мæ рамардзæнæнцæ, Цæдеси ке ахур кодтон æма партий рæнгъити ке дæн, уой туххæй.

Æхецæн марунæй тæрсуй Сабур дæр. Ести дзубандий фæдбæл кæддæриддæр фæззæгъуй:

– Кæд ардигæй уæдмæ æгас уон, уæд...

* * *

***Куд раздæри æнзти, уотæ аци анз дæр 15 феврали Цæгат Иристони еугур рауæнти дæр цитгинæй бæрæггонд æрцудæй тугъдонтæ-интернационалистти Бон. Аци къартæ ист æрцудæнцæ, афгайнаг тугъди не ’мзæнхон тугъдонтæй ка фæммард æй, уонæн Дзæуæгигъæуи Афгайнаг парки ци номерæн мемориал ес, уой рази имисæн мадзали рæстæг.***





***ХУДÆЛТИ Харитон: «Уæлдай уæлтæмæн æнкъарæнти хæццæ имисуйнаг нин æнцæ, нæ Райгурæн бæсти, нæ нурикков æма рантæсуйнаг фæлтæрти райдзаст исонибони сæрбæлтау æ цард ка иснивонд кодта, нæ еци тугъдонтæ – гвардионти рохс нæмттæ. Фидибæстон тугъди бæгъатæрти номерæн циртдзæвæнтæбæл финститæ кæд хебæлхуæцгæ зиннунцæ, уæддæр сæ медес ба дзæвгарæ 'й, уомæн æма 'й уинæн, нæ дзиллæ нæ æдзард тугъдонти куд цитгинæй имисунцæ æма син кадæ кæнунцæ фæлтæрæй фæлтæрмæ.***



# КАДÆ-РАДÆЙ АРАЗТА Æ ЦАРДИ УСТУР НИВÆ...

3

Гвардион полк 1944 анзи 15 октябри фашистти ниддæрæн кæнгæй байахæста сахар Песамо. 25 октябри ба знагæй сæребарæгонд æрцудæй сахар Киркенес.

Советон Хецауадæ устур аргъ искодта Заполярьей гъæуайгæнгутæн. ССР Цæдеси Сæйраг Совети Президиуми Указмæ гæсгæ дивизий 1200 тугъдони хуарзæнхæгонд æрцудæнцæ Советон хецауади ордентæй æма майдантæй. Дивизий фондз тугъдони ба райстонцæ Советон Цæдеси Бæгъатæри кадгин нæмттæ. Сæ фулдæрей туххæй Харитон хъæбæр зæрдтагонæй финсуй æ имисуйнæгти киунуги, кæций исхудта «У кромки континента». Зæгъæн, искурдиадæгин рæстдзæфæхсæг (снайпер) Саид Алиеви туххæй си уотæ финсуй: «Æз берæ фегъустон 35-аг полкки топпæйæхсæг, гвардий сержант Алиев Саиди лæгдзийнади туххæй. Æ дæсни миутæй еудадзугдæр хийнæй рацæуидæ знагбæл. Саид адтæй Кавказæй, авайраг адæми фурт. Æ цард еугурæй дæр баст адтæй хуæнхти хæццæ. Ами иссæй цæстгин, уод æма къохæй федар. Майи мæйи Саидæн знаги устур къуари нихмæ карз тох кæд байеудагъ æй, уæддæр еунæг къахдзæф дæр нæ ракодта фæстæмæ æма фæууæлахез æй. Фашисттæ исæрра 'нцæ, уотемæй æмпурстонцæ къæдзæх «Цæргæсти астъонæ»-мæ. Фал ами дорти ауон адтæй Алиев. Знаги æфсæддонтæй некæмæн æнтæстæй уой бунат исбæлвурд кæнун, æхе уотæ байауон кодта. Сæ над син æрæхгæдта æма сæ еугайæй гæрах кодта. Цуппæрдæс æма дууинсæй хатти фехста Саид æ топпæй, уонæй æвддæс æма инсæй фати мæлæтдзаг æмбæлд искодтонцæ знаги æфсæддонтæбæл. Еци бон Алиевæн адтæй уæлдай хъазар – тохи фæсте æй райстонцæ Коммунистон партий рæнгъитæмæ. Куд хъæбæр хуарз æхсæг, уотæ ин командир балæвар кодта нæуæг топп оптикон прицели хæццæ. Тагъд рæстæги Саид фашисттæн иссæй уодесæги хузæн. Бонæ къуар сахаттей дæргъи æ цæстæ даридæ знаги акъоппитæмæ, агурдта гитлеронти, раст цума Дагестани хуæнхти сæгътæ адтæнцæ, уоййау гъæуай кæнидæ гитлеронти æма куддæр равгæ фæззиннидæ, уотæ сæ кунæг кодта. Еу кæцидæр тохи фæммард æй Алиевæн е 'мбал Василий Кислов. Уой марди сæргъи Саид расоми кодта, е 'фсæддон æмбали тог ке райсдзæнæй знагæй, егертæй æнæгъæнæ кæри бæрцæ ке ниццæгъддзæнæй. Æма дæс боней фæсте, Саид ци фашистти багæрах кодта, уони нимæдзæ иссæй фондз æма дууинсæй. Гъе уотæ тухтæй знаги нихмæ Советон Цæдеси Бæгъатæр Саид Алиев.



ХУДÆЛТИ Харитон æ цардæмбали хæццæ.

Цæмæй топпæйæхсгути змæлд фæуурухдæр адтайдæ, уой туххæй мах исараздтан æмбурд. Архайдтонцæ си, еугур дивизий ке зудтонцæ, еци дæсни æхсгутæ Алиев, Жамбора, Морозов, Миронов, Мидов, Лисенков, Мутчаев, Лосев, Печков, Хаститулин æма æндæртæ. Æмбурди архайгутæн райарфæ кодта æфсæддон Совети номæй 14-аг армий политикон хайади сæргълæуæг болкъон Ф.Н. Григорович.

Худæлти Харитон тугъди фæсте дæр ма дууæ анзи адтæй гвардион фестæгæфсæддон дивизий командир. Уой фæсте, 1948 анзи каст фæцæй М.Ф.Фрунзей номбæл æфсæддон Академий еуанзон къурситæ, æма 1948 анзæй ба 1953 анзи уæнгæ командæ кодта фестæгæфсæддон дивизийæн. 1954 анзи июни Генералон штаби фæндонæй инæлар-лейтенант Худæлти Харитон нисангонд æрцудæй гвардион фестæгæфсæддон корпуси командирæй. 1957 анзи инæлар-лейтенант Худæлти Харитон адтæй Приволжски æфсæддон округи командæгæнæги хуæдæййевæг. 1961 анзæй 1966 анзмæ ба – Мæскуй æфсæддон округи командæгæнæги агъазгæнæг.

Инæлар-лейтенант Худæлти Алексейи фурт Харитон 1967 анзи рацудæй отставки. Æ бæгъатæрдзийнади туххæй æй Советон хецауадæ исхуарзæнхгин кодта Ленини Сурх Турусай, Суворови дуккаг къæпхæни, Александр Невскийи, Устур Фидибæстон тугъди фиццаг къæпхæни æма Сурх Стъалуй ордентæй, уæдта фараст тугъдон майданемæй.

Норвегий хецауадæ ба Худæли-фурти исхуарзæнхгин кодта сæ паддзахади уæлдæр хуæрзеуæг, кадгин орден «Святого Олафа степени командорская Звезда», зæгъгæ, кадгин орденæй.

Инæлар-лейтенант Худæлти Харитон Советон Æфсади службæ кодта рæстуодæй æма еузæрдиуонæй. Адтæй имæ, адæймаги рæсугъд ка кæнуй, уæхæн фæнзуйнаг менеугутæ. Уарзтонцæ 'й е 'мбæлттæ, кодтонцæ ин кадæ æ кæдзосуодæн, æ бæгъатæрдзийнадæн, æ искурдиадæн.

Отставки ку рацудæй, персоналон пенсиесæг ку иссæй, уæддæр нæ республики сæйраг сахари цæргæй, æнцад нæ бадтæй – фæсевæди 'хсæн кодта устур гъомбæладон, æфсæддон-патриотон куст. Не 'вгъау кодта æ фæлтæрддзийнадæ, æ курухон зунд кæстæртæн. Амудта син, царди сæ рæсугъд æма амондгун нисантæбæл ка исæмбæлун кæндзæнæй, уæхæн раст нæдтæ, фæдзахста син, еци нæдтæбæл лæгигъæдгунæй рацæунæн хе куд дарун æма куд архайун гъæуй, уой. Ахур сæ кодта Фидибæстæ уарзунбæл æма ибæл æновуд унбæл.

Худæлти Алексейи фурт Харитон æ зæнхон цардæй рахецæн æй 2001 анзи 7 июли, е 'носон бунат иссæй Дзæуæгигъæуи Кади Аллейи.

Кæронбæттæни ба ма уой зæгъуйнаг ан, æма раст уидæ, Худæлти Харитони æскъуæлхтдзийнæдтæ нæ Фидибæсти æма нæ адæми сæрбæлтау нимайгæй, æ ном нæ Цитгин Уæлахези размæ лæвæрд ку 'рцæуидæ Дзæуæгигъæуи гъæунгтæй еуемæн.

## ÆВДЕСÆНТÆ

*Худæлти Харитон æхуæдæг ци имисуйнæгти киунугæ ниффинста, уонæй уæлдай ма æ цардвæндаги туххæй берæ аллихузон æрмæгутæ мухургонд æрцудæй мухури фæрæзнити дæр. Зæгъæн, централон газет «Красная Звезда»-йи 1970 анзи 2 апрели рацудæй Д. Исакови очерк «Хъазауатон нимпурст сæумицъæхтæбæл». Мухур си кæнæн еу скъуддзаг.*

### НЕ 'ФСÆДДОНТИ ЛÆГДЗИЙНАДÆЙ ЗНАГ ФÆЛЛЕДЗÆГИ УИДÆ!..

Тугъди райдайæни не 'фсæддонти зæрди фæндон размæ æмпурсгæй ахид нæ уидтан. Фал уæлдæр Устур Фидибæстон тугъди фиццаг бæнтти æстæн размæмпурститæ исхонæн ес, фæстæдæр парахаттæй ку ралæгарстан, уой сæуæхседт. Уадзимиси дзубанди цæуй июли инсæйæймаг бонбæл, газети ба, бастдзийнади къулумпити фудæй, фæззиндтæй айдагъдæр 7 августи. Батальонтæ еу инней фæдбæл æмпурсун байдæдтонцæ обаумæ. Фал сæбæл уæхæн нæмгути зæйæ рацудæй, æма зæнхæмæ сæхе нилхъивтонцæ, сæр исдарæн дæр нæбал адтæй сæ бон.

Ци гæнæн адтæй идарддæр командирæн?

Ке зæгъун æй гъæуй, адтæй имæ тугъдонти исистун кæнуни æма сæ нæуæгæй размæ багæлдзуни барæ. Фал бæлвурд нæ адтæй, обауи рагъмæ исхъæртдзæнæнцæ, е. Æма уæд Худæли-фуртмæ исæвзурдæй раст гъуди.

Нæуæг æйййивддзийнадæ бахаста обау байсуни пъланмæ. Полкки хæйттæ æрæвардта нæуæг хузи. Взводтæй исаразта, минометтæ лæвæрд кæмæн æрцудæй, уæхæн хецæн къуæрттæ. Обауи фæрстæбæл бургæй, етæ еу инней фæдбæл дæрæн кодтонцæ знаги æхсæн бунæттæ. Немуц цæмæй ма фæггурусхæ уонцæ, уой туххæй ба фæлварæнтæ кодта, обаумæ цума комкоммæ разæй æмпурсуй, уойййау. Къуæрттæй еу Лягуни разамундæй немуцаг пулеметæй æхсæгмæ уотæ сосæггай багъузтæй, æма ин е 'фцæкъуатæбæл куд ниххуæстæнцæ æма 'й къæдзæхæй куд рагæлстонцæ, уой зонгæ дæр нæ бакодта.

Обауи рагъмæ иннети разæй бампурста лейтенант Василий Рожицын. Дууæ хатти фæццæф æй, уæддæр командæ кодта ротæн. Фиццаг батальон, уæдта бабæй полк æнæгъæнæй дæр исхъæрдтæй обауи рагъмæ. Знаги мæрдтæй æма тохæндзаумæуттæй къах ниввæрæн нæ адтæй. Немуцаг батальонæй еуей командæгæнæн пункти финсæн машини тъунстæй байзадæй æрдæг мухургонд сифæ: «Нæ нихмæлæугутæн нæ бон идарддæр нихкъуæрд дæттун нæбал æй. Мах нæ зæрдæ дардтан, обауи фæхстæ æгæр æмдзæхгæр ке 'нцæ, уомæ гæсгæ сæбæл етæ не 'схездзæнæнцæ, зæгъгæ, фал сæ неци бауорæдта. Батальонбæл æрцудæй устур зиантæ. Идарддæр куд кæнгæ 'й...»

Советон Цæдеси Маршæл Тимошенко Семен Константини фурти райгурдбæл 18 феврали исæнхæст æй дæс æма æхсæзинсæй анзи (1895-1970).

*Æсгарæг-æмпурсæг батальон «Сæрмæт»-и (хауй Донбасси «Гъæддаг дивизий» барвæндонти корпусмæ) разамонæг Нанити Владимир («Че Гевара») уæззау цæф фæцæй тугъди рæстæги, еу къахи хæццæ байзадæй, фал нæ иронх кæнуй æ тугъдон æмбæлтти, еудадзуг дæр ин сæ хæццæ ес бастдзийнадæ. Æ фæндæ ба æй: «Абони дæр нимад дæн æсгарæг-æмпурсæг къуари сæргълæууæгбæл. Æма здæхун фæстæмæ мæ бунатмæ. Уоми хъæбæр берæ ахсгиаг куст ес...»*

**ЗÆРДРИСТÆЙ ИМИСÆН НÆ ÆДЗАРД ÆМЗÆНХОН ТУГЪДОНТИ...**

# СÆ РОХС НÆМТТÆ СИН ИСÆНОСОН КОДТОНЦÆ

Дур-Дури астæуккаг скъолай азгъунсти фарсбæл байгон кодтонцæ мемориалон фæйнæг **Сагкати Олегæн** – е 'фсæддон ихæстæ рæстуодæй æнхæст кæнгæй, е бæгъатæрæй фæммард æй сæрмагонд æфсæддон операций рæстæг.

Аци гъуддаг исаразуни фæдбæл хъæппæрес равдистонцæ скъолай ахургæнгутæ æма ахурдзаутæ. Фæрæзнитæ æрæмбурд кæнуни гъуддаги арæхайдтонцæ еугурæй дæр.

Мадзалмæ хунд æрцудæнцæ Олеги бийнонтæ, хеуонтæ, тугъдон æмбæлттæ æма районы администраций разамунд.

Олег райгурдæй æма ирæзтæй Дур-Дури гъæуи. Ами каст фæцæй 2-аг астæуккаг скъола, уой фæсте юридикон ахурадæ райста Цæгат Иристони Хетæгкати Къостай номбæл паддзахадон университети юридикон факультети. Ахур фæууни фæсте ба ист æрцудæй æфсæддон службæмæ. Æрдзæй бæзæрхуг, иуонггин, физикон æгъдауæй æнхæст лæхъуæни райиивтонцæ уæлдæфон-десантон æфсæдти рæнгъитæмæ. Служби фæсте Мæскумæ рандæй хуæздæр куст исеруни нисани хæццæ, цæмæй æ бийнонтæн агъаз кодтайдæ. 2022 анзи ба имæ æфсæддон комиссариатæй повесткæ æрбарвистонцæ. Олег æрвист æрцудæй раззаг рæнгъити рæнгъон тохæгæй.

Хуæрзæрæги ба ин лæвæрд æрцудæй кæстæр лейтенанти цин. Æхе бæгъатæр, æдæрсгæ тугъдонæй ке равдиста, уой туххæй ин лæвæрд æрцудæй цалдæр паддзахадон хуæрзеугæги: «Жукови номбæл» майдан, «Тугъди бæгъатæр архайæг»-и II-аг къæпхæни майдан, «Сæрмагонд æфсæддон операций архайæг»-и майдан. Æ рамæлæти фæсте ба ма ин исаккаг кодтонцæ «Лæгдзийнади» орден.

Сагкати Олег бæгъатæрæй фæммард æй, Херсони облæсти æ тугъдон ихæс æнхæстгæнгæй. Берети фæййервæзун кодта мæлæтæй, уомæн æма алкæддæр цудæй разæй лæгæмпурсти. Адтæй Райгурæн бæсти æцæг патриот. «Игон æма хæларзæрдæ æмбал. Æхе еугуремæндæр уарзун кодта – уæхæнæй æй бадардтонцæ сæ зæрдитæбæл е 'мкъласонтæ æма ахургæнгутæ.



Уомæ гæсгæ сæ бафæндадтæй Олеги ном исцитгин кæнун», – загъта скъолай директори хуæдæййевæг Дзотти Виктория.

Уæхæн номерæн фæйнæг ма аци скъолай 2024 анзи игонгонд æрцудæй **Мариати Ермакæн** дæр – е дæр бæгъатæрæй фæммард æй сæрмагонд æфсæддон операций рæстæг.

# ХЕУÆНТТÆН ДÆР ÆМА СИНХБÆСТÆН ДÆР НÆ ФАГÆ КÆНДЗÆНÆЙ...



Сæрмагонд æфсæддон операций се 'фсæддон ихæстæ рæстуодæй æнхæст кæнгæй си не 'мзæнхонтæй бæгъатæрæй ка фæммард æй, уонæй еу æй чиколайаг, 36-анздзуд, **Мудойти Тасолтани фурт Алан (Тамерлан)** дæр. Зæгъун гъæуй уой дæр, æма уоми архайунмæ рандæй барвæндонæй.

Алан райгурдæй 1988 анзи. Мадæ æма фидæй раги фæсседзæр уогæй син æ хуæрæ Зæлини хæццæ æ зæрди гъæр нæ бавгъау кодта сæ мади хуæрæ, хъиамæтгун силгоймаг Дзадзати Беллæ. Гъæуагæ сæ нецæмæй бауадзгæй син сæ тоги ниффедар кодта берæ арфиаг менеугутæ – адæмуарзондзийнадæ æма хуæрзтог, кустуарзондзийнадæ.

Тамерлан байрæзтæй, раyон-цион, къохгин биццеуæй, алли кустмæ дæснийæй. Устур æнгъæлдзау имæ адтæй цæрди медæгæ адгин бæдоли ном хæссунмæ Беллæ. Æ хуæрæ Зæлинæн дæр куд æ еунæг мади бæдолæ, æ федар цæгиндзæ. Мадта нæ минкъий синхи дæр, зæгъун æнгъезуй, нæййес уæхæн хæдзарæ, уæхæн бийнонтæ, Тамерлан æ агъази къох кæмæ нæ бадардта – алкæд фæлмæнзæрдæ, æнæзийнадæ кæстæр. Ахур дæр искодта хуæдтолгитæ рæвдзæгæнæгбæл æма æ агъази хай некæмæн æвгъау кодта. Фал, куд фæззæгъунцæ, уотæ, æвæдзи, седзæр нивæ некæд еруй, æма Тамерлан дæр еци æнæнивæ адæймæгутæй разиндтæй еу.

Украини сæрмагонд æфсæддон операций кой ку райгъустæй, уæд Тамерлан исфæндæ кодта уордæмæ фиццæгти хæццæ рандæун, рæстдзийнадæбæл тохи æ хъаурæ бавзарун. Æма ин Беллæ кæд æ паспорт цалдæр хатти римæхсгæ дæр бакодта, уæддæр æй иссирдта æма сосæггай æхе рарветун кодта тугъди будурмæ. Æма рандæй «фæццо æма мабал æрцой» надбæл. 2023 анзи 27 декабри ба фæммард æй еци рæстдзийнадæбæл уæззау тохи, фал тугъдон уавæрти куд рауайуй, уотæ е 'носон бунатбæл æ райгурæн гъæу Чиколай уæлмæрдти ба исæмбалдæй айдагъдæр 2024 анзи 5 январи.

Куд райгурæн бæсти æцæг патриот, уотæ ин кадæгонд дæр æрцудæй æфсæддон комиссарадæ æма районы администраций разамунди 'рдигæй. Мах, æ синхæнттæ, ин еудадзуг имисæн æ рохс ном, æ хуæрзауодундзийнадæ, æ фæлмæн уоди менеугутæ. Æма уæд нæ цæстисуг фемæхсуй æнæвгъауæй æдзард биццеуи зинæй. Сæ сау дарæс абони дæр нæма райиивтонцæ уарзæгой Беллæ æма Зæлинæ. Ци гæнæн ес... Хеуæнтти гъæуй устур хъаурæ æвдесун уæхæн зин хæссунмæ. Рамæлæг уодæн рохсаг зæгъунæй æндæр Хуцауи размæ неке бон нецибал фæууй. Æма уо, Тамерлан рохс дзенети ахил. Зæнхон цардæй дин ци нæ бантæстæй бацæрун, уой дин Хуцау дæ фæлмæн уоди фæрци де 'носон бунати дзенетæй байеввæд!

***Аци æрмæг синхбæсти номæй бацæттæ кодтонцæ ЦОРИТИ Ритæ æма ХЪÆРДАНТИ Фатимæ. Мухургонд æрцудæй Ирæфи районы газет «Ирæф»-и.***

# НИФСДÆТТÆГ ÆМА ХУÆРЗАУОДÆГ ÆМГÆРТТÆ НИН АДТÆНЦÆ...

Æмкъласонтæ алли адæймагæн дæр æнцæ тæккæ уарзондæр æма хæстæгдæр, кæцити имисæн нæ царди цæргæ-цæрæнбонти дæргъи. Е ба, æвæдзи, уомæ гæсгæ, æма нин зæрдæхцæуæндзийнадæй исфедаун кæнуйнцæ нæ сабийбонти имисуйнæгтæ, баст æнцæ нæ цардвæндаги райдайæни хæццæ. Нæ кæрæдзей цийнæбæл кæддæриддæр цийнæ кæнæн, зиндзийнадæбæл ба хъонц кæнæн. Уæлдай зиндæр ба адæймаги уодæн е фæууй, æма сæ царди тæккæ тæмæни, цардгъæуагæй не 'хсæнæй ку фæгъгъæунцæ нæ хуарз æмгæрттæ.

Мах къласæн 2024 анз адтæй тæккæ уæззаудæр. Сæрмагонд æфсæддон операций рæстæги, хъазауатонæй тох кæнгæй, Райгурæн бæсти размæ сæ ихæст æнхæст кæнгæй, сæ цард равардтонцæ нæ дууæ æмкъласони – **Гегути Гетæ** æма **Хайманти Чермен**. Етæ адтæнцæ зæрдигъæлдзæг, фæлмæнзæрдæ лæхъуæнтæ. Алкæддæр цæттæ адтæнцæ алкæмæндæр багъæуаги сахатти сæ агъази хай раттунмæ. Нур ба не 'хсæн нæбал æнцæ... Адæймаги туххæй хъæбæр зин дзорæн æй евгъуд рæстæги, фал цард уотæ конд æй...

Гегути Гетæ райгурдæй 1997 анзи 25 январи, Хайманти Чермен ба 1997 анзи 23 январи. Сæ дууæ дæр Сурх-Дигори гъæуи астæуккаг скъола фæууни фæсте, сæ ахур раизолдæр кодтонцæ Цæгат Иристони гъæуйуонхæдзарадон университети. Гетæ бацудæй хуæдтолгитæ цалцæггæнæн факультетмæ, Чермен ба равзурста юристи дæсниадæ. Чермен ма, ахурæй уæгъдæ рæстæг æновудæй архайдта уæгъдебарæ гъæбесæйхуæцунæй. Дууæ лæхъуæни дæр паддзахади размæ се 'фсæддон ихæс бафистонцæ. Кади хæццæ хастонцæ Уæрæсей æфсади æфсæддони ном. Ци æфсæддон хæйтти хастонцæ се службæ, уонæми командæкæнуйнади номæй хуарзæнхæгонд цудæнцæ аллихузи цитгин хуæрзеугутæй.

Сæ фидиуæзæгмæ исæздæхгæй ке бон си куд адтæй, уотæ сæ изолдæри царди хабæрттæ цæсгонгинæй аразтонцæ. Сæрмагонд æфсæддон операцимæ ба рандæнцæ фæйнæ рæстæгеми. Гегути Гетæ – 2022 анзи, Хайманти Чермен ба 2024 анзи, æма мæйи дæргъи нимад адтæй æбæрæгæй фесæфтбæл, еци анзи 10 декабри ба æ фæззиани уæззау хабар исигъустæй гъæумæ. Куд æцæг патриоттæ, уотæ æнæдузæрдугæй ранæхстæр æнцæ сæ граждайнаг ихæс æнхæст кæнунмæ Райгурæн бæсти размæ. Уæд æй цæмæй зудтонцæ, æма фæстæмæ нæбал исæздæхдзæнæнцæ, берæ сæ ка уарзта, æма берæ ке уарзтонцæ, еци хеуонти, гъæубæсти размæ.

Махæн, се 'мкъласонтæн, аци бон нæ фагæ кæнуй сæ зæрди гъар, кæций æнæвгъауæй лæвар кодтонцæ, ке багъæуидæ, уонæн. Уонæй алкæдæр, царди куд фæууй, уотæ еуцæйбæрцæдæр хецæнхузон кæд адтæнцæ, уæддæр сæ еу кодтонцæ адæймаги тæккæ рæсугъддæр менеугутæ: куд æгъдаугин, еузæрдиуон æма бæгъатæр ун... Цума 'й лæдæргæ кодтонцæ, сæ цард цубур ке уодзæнæй, уой, æма тагъд кодтонцæ, фулдæр хуарздзийнæдтæ исаразун ма син куд бантæса, уомæ...



ГЕГУТИ Гетæ



ХАЙМАНТИ Чермен

Ирисхъæ сæбæл ци æгъатирæй рацудæй, уогæ ба... Æнæнхæстæй байзадæнцæ сæ изолдæри царди рæсугъд фæндитæ æма нисантæ, сæ уодтæмæ тæккæ хæстæгдæр ка 'дтæй, уони хæццæ амондгун бæнттæ æрветун син нæбал бантæстæй, се 'ригон цардбæл цийнæ кæнунæй нæ бафсастæнцæ се 'мгæртти хæццæ. Нециуавæр дзурдтæй æй нæ бон бавдесун, сæ хеуæнтти æма сæ зонгити карз зæрдрист...

Гетæ æма Чермени рохс сорæттæ нæ зæрдити байзайдзæнæнцæ, куд æцæг æма хуарз æмгæрттæ. Рохсаг уотæ, рохс дзенет уе 'носон бунат уæд...

***Аци æрмæг бацæттæ кодтонцæ Гетæ æма Чермени æмкъласонтæ, мухургонд ба æрцудæй Ирæфи районы газет «Ирæф»-и.***

**Советон Флоти Адмирал Горшков Сергей Георгийи фурти райгурдбæл 26 феврали æнхæст кæнуй финддæс æма фондзинсæй анзи (1910-1988).**

☺ ☺ ☺

***Судя по статистике, сборная России по футболу выигрывает только у сборных тех стран, чья площадь меньше или равна площади футбольного поля.***

☺ ☺ ☺

***Продавщица пива в ответ на возмущенный возглас, почему, мол, недоливаете, обращается к очереди:***

***– Слышите, мужики? Этот козел хочет, чтобы вам пива не хватило!***



# МАДДÆЛОН ÆВЗАГ... УОДÆН ДЕССАГДÆР ЦИ ЕС!..

Еуæй-еу адæмихæттити маддæлон æвзæгти тæссаг уавæр нимайгæй, сæ багъæуай кæнуни сæрбæлтау нисангонд Æхсæнадæмон бонæн æ ахедундзийнадæ исагъазиау кæнун бæргæ уæлдай ахсгиаг æй, фал...

Махмæ гæсгæ, аци бæрæгбон æнгъизтæй цидæр хабæрттæй исбæрæг кæнун – зæгъæн, маддæлон æвзагбæл ци мухури фæрæзнитæ уагъд цæуй, уонæн фæййагъаз кæнун сæ берæ сагъæссаг фарстатæ райаразунæй, адæми 'рдигæй ба – бæргæ хуарз адтайдæ еци газеттæ æма журналтæ дзиллонæй рафинсун.

Аци фæндæ фиццаг хатт нæ зæгъæн, фал нæ игъосæг ба, гъулæггагæн, нæййес. Уомæн æвдесæн – дигорон æвзагбæл ци еунæг газет «Дигорæ» цæуй, уой тираж: æдеугурæй æй рафинсунцæ 300-350 адæймаги. Гæрр, нæ Дигори дзилли нæ маддæлон æвзаг уал адæймагемæй уæлдай некебал гъæуй? Æ зæгъун дæр зин æй, фал, æвæдзи, уотæ 'й. Æма ма уæд, уоййасæбæл сæрустурæй нæхе ци дигорондзийнадæй фестауæн, е ци амонуй?..

Уогæ, ка 'й зонуй, иннетæ уотæ дæр æнгъæлунцæ æма маддæлон æвзаги сæрбæл айдагъ мах ан сæрбæлдзорæг. Баруагæс уи уæд, дуйней иннæ адæмихæттити дзурддзæугæдæр адæймæгутæн дæр сæ маддæлон æвзаги карнæ сагъæссаг æй, зæрдиагæй дзорунцæ æма архайунцæ, цæмæй си алкæмæн дæр æ маддæлон æвзаг цæра æма æнтæстгинæй ирæза. Дæнцæн уин æрхæсдзинан уонæй еуæй-еуети гъудитæ.



**АБАЙТИ Васо (1900-2001)**
**номдзуд ахургонд**

...Ирон æвзаг æй, гъудий æма æнкъарæни тæккæ листæгдæр æма ездондæр фæззелæнтæ равдесунмæ ка арæхсуй, уæхæн æнаййеп, рæвдзæ æма коммæгæс хотух.

Ирон интеллигенций еу хай билæскъелæй кæсун райдæдта маддæлон æвзагмæ, æма беретæ сауæнгæ сæ бийнонти 'хсæн дæр нæбал дзорунцæ сæхе æвзагбæл. Е адæймаги æфтауй катайбæл. Хецæн цæрæгойтæ æма зайæгойтæ дæр ма Сурх киунугумæ хаст ку цæунцæ æма сæ багъæуай кæнунбæл зæрдиагæй ку косунцæ, уæд æвзаг – алли адæймагæн дæр æ хъазар культурон хæзна – цæмæннæ цæуй гъæуайгонд цæстигагуй хузæн: Пушкини рæстæги ка цардæй, еци поэт П.А. Вяземский кæд æма кæд ниффинста:

Язык есть исповедь народа,
В нем слышится его природа,
Его душа и быт родной.

Адæми дех кæнæн ес устуртæбæл æма минкъийтæбæл. Æвзæгтæн уотæ дех кæнæн нæййес. Алли æвзаг дæр æ адæмæн устур æй. «Махæй алкæбæл дæр ес бæдоли ихæс, ци адæм нæ исæнтæсун кодтонцæ, тæккæ устурдæр есбойнадæ – æвзаг – нин ка ниууагъта, уой размæ: гъæуама 'й кæдзос дарæн, гъæуама 'й гъæздугдæр кæнæн. Ахсгиаг гъуддаг æй гæнæн æма амалæй аллихузон æвзæгтæ фулдæр багъæуай кæнун» (Чингиз Айтматов. «Литературная газета», 13.08.86).

Национ хелæдæрундзийнадæн национ æвзæгтæй хецæнгæнæн нæййес. Ескæци æвзаг ку рамæла, уæд рамæлдзæнæнцæ адæм дæр (куд хецæн этнос). Бустæги хуæдхуз ка 'й, хуæндбундор кæмæн ес, уæхæн адæмтæ мæлонцæ, е ба ке бафæнддзæнæй? Неке, æ сæрæй æ къæхти уæнгæ расист ка 'й, айдагъ уæхæнтти.



**Расул ГАМЗАТОВ**
**(1923-2003)**
**Дагестани адæмон поэт**

Мæнмæ адæмти æвзæгтæ кæсунцæ, арвбæл ци стъалутæ ес, уони хузæн. Мæн нæ фæндуй, цæмæй стъалутæ байеу уонцæ æма си рауайа, арви æмбес ка ахæссуй, уæхæн агъазиау стъалу. Ес хор. Уадзæ æма уонцæ стъалутæ дæр. Уадзæ æма алли адæмæн дæр уа æхе стъалу.

Кæмæндæрти кедæр æвзаг – æвдадзау,
Нивæндунцæ ибæл зæрдæрайгæ сæ зард.
Кæд исон æрцæудзæнæй ме 'взагæн æ адзал,
Уæд нæбал гъæуй мæн абони дæр мæ цард.



**Ованес ТУМАНЯН**
**(1869-1923)**
**сомехаг поэт**

Æвзаг æй, алли адæм дæр цæй фæрци цæрунцæ æма 'нцæ, уæхæн ахсгиагдæр уедагæ, сæ хуæдбундоради æма генийи ирддæр бæрæггæнæн, истори æма идард кæддæри дзамантæ байгон кæнунæн æмбесонди дæгъæл, уоди гъæздугдзийнæдтæн, есбонтæн сæ тæккæ ахедгæдæр, фæрнгундæр, цæветтонгæ, адæмæн сæ уод æма сæ психологи.



**Федор ДОСТОЕВСКИЙ**
**(1821-1881)**
**уруссаг финсæг**

Мæнмæ æгириддæр дессаг нæбал кæсуй, уруссæгтæ кæрæдземæ уруссагау ке нæ дзорунцæ, е (æнахур хабар уидæ, уруссагау ку дзориуонцæ, уæд). Дессаг æндæр гъуддаг æй: уотæ сæмæ кæсуй, цума французагау хуарз дзорунцæ. Ка нин нитътъунста нæ сæри еци гъуди? Е айдагъдæр не 'нæфæуууиндбæл дзорæг æй. Французагау ка дзоруй, еци уруссæгтæ (гъома, нæ интеллигенций агъазиау хай) дех кæнунцæ дууæ къуаребæл: еуетæ французаг æвзаг лæгъуз ке зонунцæ, е гурусхаг нæй; иннетæ ба уотæ æнгъæлунцæ, цума æцæг парижæгтау дзорунцæ.(...) Никки ма илгъаг е æй, æма, фæсдзæуинтти цармæстъигъд бакæнгæй, сæхецæй боц æма сæрустур ке 'нцæ (дууæ къуари дæр. – *Ред*.) Уонæн се 'взаг цардæгас нæй, фал мард, аразгæ, фантастикон.

* * *

**РЕДАКЦИЙÆЙ.** *Нур, цума, гениалон уруссаг финсæг абони ирæнтти уавæрмæ ку 'ркæсидæ, уæд ци зæгъидæ? Æ маддæлон æвзагбæл дзорун ка не 'ндеуй, æ сæрмæ 'й ка нæ хæссуй, билæскъелтæ ибæл ка кæнуй, уруссаг æвзаг дзæбæх ка нæ зонуй, еци ирæнттæ имæ æвæдзи бустæги гъæддæгтæ фæккæсиуонцæ...*



**Дмитрий ЛИХАЧЕВ**
**(1906-1999)**
**номдзуд ахургонд**

Адæмæн æ тæккæ агъазиаудæр есбойнадæ исхонæн ес, ци 'взагбæл дзоруй, финсуй æма гъуди кæнуй, уой. Аци факт еугуремæй ахсгиагдæр, ахедгæдæр æй. Адæймаг æхе зонунгъон ку фæууй, уæдæй фæстæмæ æ маддæлон æвзаги хæццæ æмцуд фæккæнуй. Эмоцитæ, æнкъарæнтæ нин аййевдæр, фæххузæнондæр кæнунцæ нæ гъудитæ, фал еци гъудитæ еугурдæр кæрæдзебæл баст цæунцæ æвзаги фæрци.

Адæймаг циуавæр зунд æма уоди хецау æй, уой базонун дæ ку фæндæуа, уæд байгъосæ, куд дзоруй, уомæ. Адæймаг æхе куд даруй, куд цæуй, ци миутæ кæнуй, уомæ гæсгæ ин искæнæн аргъ æма еуæй-еу хатт фæррæдуйæн. Æвзаг ба нин берæ бæлвурддæрæй равдесуй адæймаги менеугутæ æма културæ.

Мадта адæмæн е 'взаг æй æ культурæ 'вдесæг, хецæн адæймагæн е 'взаг æ менеугутæ 'вдесæг куд æй, уотæ.



**ХЪОДЗАТИ Æхсар**
**(1937-2021)**
**Цæгат Иристони адæмон поэт:**

– Кæдæй нурмæ æма цæйбæрцæ кæнæн мах не 'взаги койтæ, фал койтæ койтæй байзайунцæ, æвзаг ба, гипнози азари бахауæг хæпсæ хелаги гъæлæсмæ уасгæй куд бура, уотæ æ исæвди надбæл бафтудæй, æма æ раздахунæн неци аразæн. Иронау æдæрсгæ дзорун ка нæ фæразуй æма æвзаг базонун æ гъудий дæр кæмæн нæй, етæ дæр телеуинунади кенæ газетти фæрстæбæл нæ маддæлон æвзаг багъæуай кæнуни койтæй уруссагау сæ мондæгтæ уадзунцæ. Еци койтæ фулдæр хæттити фæуунцæ хе равдесуни туххæй. Уогæ ба фæдес гъæр кæнун гъæуй, уомæн æма Уæрæсей тæккæ рагондæр æвзаг багъæуай кæнунбæл цæуй дзубанди. Фал нæ хецæуттæмæ дæр æма адæмæн сæхемæ дæр гъæр нæ игъусуй. Æма бабæй мæ зæрдæбæл æрлæудтæнцæ «нæрæмон Виссариони» (Белинскийи) дзурдтæ: «Есть истина, которые даже пошлы, потому именно, что слишком очевидны, как, например, то, что летом тепло, а зимой холодно, что под дождем можно вымочиться, а перед огнем высушиться. А между тем у нас иногда необходимо защищать подобные истины всей силой логики и диалектики...»

* * *

**РЕДАКЦИЙÆЙ:** *Аци номдзуд адæймæгути курухон фæдзæхститæ уомæ гæсгæ æримистан, цæмæй ни никки хъæбæрдæр баруагæс уа маддæлон æвзаги æнæмæнгæ гъæугæдзийнадæ. Цæмæй æй балæдæрæн, е нин уотид исфæлдистадон фарнæ нæй, фал нæ адæми хуæдбундордзийнадæ багъæуай кæнуни тæккæ сæйрагдæр фæрæзнитæй еу, æй нæ уодиконди цæмæдесагдзийнадæ 'вдесæн. Æма хъæбæр гъулæггаг æй, нæ адæми нури фæлтæртæй беретæ уой ке нæ лæдæрунцæ, сагъæссаг син ке нæй нæ маддæлон æвзаги уавæр. Уой фæдбæл ма нæ зæгъуйнæгтæ зæгъуйнаг ан нæ газети хæстæгдæр номертæй еуеми.*

Дигорæ
**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Э. Б.**

**Газет исаразæг æма уадзæг:**
РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет.
362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **650**. Заказ **№ 376**.
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 21.02.2025.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 21.02.2025.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.**
**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не 'рветæн.**
**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**